

Rezilta Sondaj ak Opinyon Gwoup Diskisyon sou Plan Nouvo Blding Lekòl PK-8 la

Somerville ap planifye pou l konstwi yon nouvo lekòl piblik pou klas pre-kindègaden jiska uityèm ane (PK-8) pou Lekòl Winter Hill piske yo pa ka kontinye itilize ansyen bilding yo a ankò. Nan kad pwosesis la, Vil la gen pou l deside:

- si nouvo bilding lekòl sa a dwe tou konble bezwen Lekòl Brown tou.
- ki kote nouvo lekòl la dwe konstwi (swa nan plasman Lekòl Winter Hill ki te la anvan nan Sycamore Street la oswa yon kote nan Trum Field).

Yo te mande manm kominote Somerville la pou yo pataje opinyon sou kesyon sa yo (ak lòt preferans yo ta genyen) nan kad yon sondaj. Plis pase 2 400 nan nou te patisipe, e rezilta yo parèt pi ba a.

- Gen yon gwo preferans pou nou PA konstwi nan Trum Field.
- Tout kominote a pa wè bagay yo menm jan anrapò ak posiblite pou nou swa reyini de lekòl yo (Winter Hill ak Brown) nan yon sèl bilding oswa pou nou kite yo chak apa. Men, gen yon ti preferans pou yo ta rete de lekòl diferan.
- Diferan katye ak diferan kominote lekòl gen diferan opinyon: gen zòn ki prefere pou n kite chak lekòl apa, gen lòt ki prefere pou n mete yo ansanm.
 - **Opinyon yo varye selon katye a:**
 - Katye 4, 5, ak 6 prefere aklè pou nou ta kenbe lekòl yo separe.
 - Katye 1, 2, 3, ak 7 prefere pou nou ta fè yo fè yon sèl lekòl (byenke gen mwens moun nan zòn sa yo ki te patisipe nan sondaj la).
 - **Opinyon yo varye selon lekòl moun yo asosye avè yo:**
 - Paran/manm kominote ki gen lyen ak lekòl Brown ak Winter Hill vrèman prefere pou n kenbe lekòl yo separe.
 - Paran/manm kominote ki gen lyen ak Lekòl Kennedy, e nan yon sèten mezi, Capuano ak lekòl prive/relijye, yo prefere pou lekòl yo ret separe tou.
 - Paran/manm kominote ki gen lyen ak Argenziano, East, Healey, Somerville High, West, ak Prospect Hill Charter prefere pou lekòl yo fè yon sèl.

Rapò konplè sondaj la egzamine repons moun yo selon plizyè kategori kle tankou laj, ras, nivo revni, si yo gen pitit, ak lòt faktè ankò. Yo te òganize sis gwoup diskisyon tou pou konprann pi byen sa ki alabaz preferans moun yo.

Rapò konplè sondaj la ak rezime gwoup diskisyon yo disponib nan somervillema.gov/newpkto8. Si w bezwen èd pou w tradui oswa pou w konprann rapò sa yo, tanpri, rele 311 (617-666-3311) oswa kontakte nou nan languageaccess@somervillema.gov. Wil Somerville ka ba w sipò gratis pou lang.

Ki Pwochen Etap?

- Gwoup Konseye pou Konstriksyon an (CAG) pral analize rezilta sondaj la ansanm ak plizyè lòt faktè tankou bezwen nan domèn edikatif, pri, fasilite pou pyeton, bezwen

anrapò ak antretyen, ak espas pou detant. Nou atann pou yo voye yon rekòmandasyon bay Majistra a anrapò ak gwosè avèk plasman bilding lekòl la nan mwa Novanm sa a.

Aprann Plis epi Rete Ajou:

- **Sit Entènèt Pwojè a:**

- Nou poste mizajou regilyèman sou sit Entènèt Pwojè Konstriksyon Lekòl la nan somervillema.gov/newpkto8.

Si w andikape epi w bezwen èd espesyal oswa ajisteman ki rezonab, tanpri, kontakte Adrienne Pomeroy alavans nan 617-625-6600, ekstansyon 2059 oswa nan ADA@somervillema.gov.